




UNHCR

L'Agence des Nations
Unies pour les réfugiés

KÒMAN YON DEMANN AZIL DEWOULE SOU FWONTYÈ A ?

DEMAND AZIL NAN YON PÒS OFISYÈL SOU FWONTYÈ A :



Yon ajan imigrasyon sou fwontyè a pral deside si sitiyasyon'w pa rentre nan kad Antant ant Kanada ak peyi Etazini konsènan akò ant peyi yo kote moun sanse an sekirite. Ou kapab konsilte dokiman sa : « Kiyès ki kapab fè yon demann azil sou fwontyè a? » epi chèche èd jiridik avan'w fè yon demann azil Kanada.

DEMAND AZIL ANT 2 PÒS OFISYÈL SOU FWONTYÈ A :

Lapolis ap arete'w epi poze'w kesyon paske'w rentre nan fason ilegal.

Yo pral mennen'w nan pòs fwontyè ki pi pre a. Ou dwe mache ak pyès idantite'w (paspò, pèmi kondwi'w, batistè'w, elatriye) pou'w kapab pwouve idantite'w.

Wap genyen pou'w ranpli kèk fòmilè epi pase yon entèvyouw kap pèmèt detèmine si'w kapab fè demann azil Kanada. Pafwa etap sa konn fêt nan yon lòt dat nan vil ki pi pwòch la.



1



2



3

KÒMANSMAN



4



5

FEN

Li posib ou rete plis pase yon jounen sou fwontyè a. Kidonk pou sizoka, ou dwe pote manje, bwason, kouch, medikaman, elatriye.

Yo kapab mennen ou nan vil ki pi pwòch la. Transpò a gratis men sa ka rive ou bezwen peye osinon planifye deplasman'w pou kò'w (taksi, zanmi, elatriye).